

ESOL EDGE POU PARAN YO

Mars, 2010

Anglè Pou Moun Ki Pale Lòt Lang,

Lekòl piblik lan Provens Duval

French Creole



TRAMBLEMAN TÈ AN AYITI A TOUCHE ANPIL MOUN LAN LEKOL DUVAL YO

Anvan trableman tè a te frape l il la, Ayiti pou 12 janvyè, te gen 170 étidyan ki pale Kreol Ayisyen atravè lekòl ki sitiye patou lan Jacksonville. Yo toujou gen fanmi ak zanmi an Ayiti. Sa pa fè trò lontan, te gen plis ke yon douzèn timoun, twomatize lan trajédi sa a, ki te rive lan lekòl nou yo. Pwofesè yo, ak manm pèsonèl yo, ansanm ak lòt étidyan te pote konkou pou ede. Sa enklè yon administratè, ak plizyè profesè ansanm ak manm asistan profesyonèl ki gen orijin Ayisyen yo. Pami yo nou jwenn Saul Alcineus lan Lee High; Delouis Cadet lan Forrest High; Jean Emile lan Englewood High; Dr. Ardain Isma lan Dupont Middle; Yvon R. Joinville lan Wolfson High, Erline Paret lan lycée Terry Parker (Terry Parker High School), epi Michele Spohn lan Southside Middle. Yo tout te bay konkou yo pou ede Etidyan ki soti an Ayiti yo pandan ke yo menm tou y ap fè fas ak pwòp doule pa yo.

Trableman tè a te frape kominote Ayisyèn ki lan lycée Lee a (Lee High School) fò anpil. Yonn lan étidyan yo te pèdi manman l pandan katastròf la. M. Alcineus félisite kominote lycéen Lee yo, pou soutyen yo ak anpil pwofesè devwe yo ansanm ak manm pèsonèl yo, ak asistan pwofesyonèl yo telke 'Mme Perez....Etidyan Ayisyen nou yo pi an eta kounye la a pou fè fas ak sityasyon douloure ke y ap konfronte yo.' Dr. Ardain Isma dekri efò l pou l jwenn nouvel fanmi l yo an Ayiti kòm yon 'veritab trajédi lan pase nwuit blanch san somèy, lan kochma, tankou yon fanmi ki plonje lan yon dézespwa total, yon dezespwa ak kolè-san deskripsyon pou kwè ke yon peyi pòv tankou Ayiti twouve l viktim de 15 kalamite lan selman 9 an.'

Michele Spohn te reyisi kontakte fanmi l yo ak zanmi l yo ki ankò vivan men san kote pou yo rete tankou pifò Ayisyen. Lan vil kote l te pran nesans la, rout prensipal ki mennen Port-au-Prince la te kraze, militè yo pa t anmezi pou rive pote asistans lan zòn nan pou ta soulaje moun yo. Mme Spohn ansanm ak etidyan Ayisyen lan Southside Middle yo te pataje konsèy sou fason pou antre an kontak ak paran yo sou l il la ak lòt sijè ke yo te diskite pandan deba sa a. Papa yon étidyan ansanm ak frè l, epi sè l te sove, men tankou pifò Ayisyen, yo pa gen kote pou yo rete. Gen yon gason ki te lan yon ôfelina lè trableman tè a te pase a, epi gen yon fanmi lan Jacksonville ki t ap fè efò pou adopte l, militè USA te reyisi fè l rantre san risk isit.

Prèske demwa apre, dezans la ankò vif lan lespri kominote Ayisyèn nan. Anpil ap voye lajan pou fanmi yo atravè Western Union. Tout kontribye otan ke yo kapab. M. Alcineus mande nou pou nou sonje vwazen nou yo an Ayiti paske, sezon lapli a komanse epi pa gen ase tant pou moun yo rete. Si nou pa aji vit, moun yo pral tonbe malad epi y ap mouri apre yo finn siviv trableman tè a.

The Guidance Corner ☺

Par Nancy Salgado-Martinez, Conseiller d'ESOL

Au cours du mois de mars, les étudiants qui sont entre la 3ème et la 10ème année du niveaux scolaire ont passé le (FCAT). Les étudiants du 3ème doivent obtenir un niveau 2 ou plus en FCAT en lectures, en plus de satisfaire les conditions académiques pour passer au 4ème niveau à la fin de l'année scolaire. Toutefois, les étudiants ELL qui ont été classés ELL pendant moins de deux années sont exempts d'être retenus pour ne pas passer le FCAT du 3ème niveau. ne doivent pas passer le FCAT de la 3ème année en lecture pour passer au 4ème.

Réussir le FCAT du 10ème niveau en lectures et en mathématiques est une condition pour l'obtention du diplôme. Les élèves qui n'obtiennent pas la note de passage sur l'une de ces parties seront en mesure de reprendre l'examen du FCAT du 10ème, deux fois en 11ème et deux fois en 12ème année.

Pour de plus de renseignements, contactez s'il vous plaît le Département d'ESOL.

★★★★★★★★

Programme de Deux Langues
L'enseignement bilingue commence à la
maternelle.

Inscrivez votre enfant (à) 5 ans dans le programme de deux langues. Le programme est offert dans les écoles San Jose et Beauclerc. Contactez l'école ou le bureau d'ESOL au 904-390-2202 pour plus d'information.



Arlene Báez
Spécialiste Bilingue

★★★★★★★★